



NOUVO RANDEVOU EKZAMEN MEDIKAL POU ADMISYON

Non timoun lan: _____

DAT NESANS: _____

Lekòl: _____

Klas/Salklas: _____

Dat: _____

Chè Paran/Responsab,

Bòn sante enpòtan pou aprantisaj. Biwo sante lekòl ede fanmi kenbe pitit yo an sante pou yo pare pou aprann. Kòd Depatman sante piblik Vil Nouyòk (Atik 49.05) ak Règleman Chanselye Depatman edikasyon (A-701) mande pou tout elèv k ap antre lekòl leta pou premye fwa gen yon egzamen medikal konplè. Rezilta egzamen sa a ke y ap anrejistre nan fòm CH205 lan, ede nou pran swen pitit ou a nan lekòl la. Fòm sa a:

- Se yon doktè, enfimyè, enfimyè pratisyen, oswa asistan doktè ki gen lisans ki dwe ranpli li
- Yo pa dwe ranpli l pa plis pase 12 mwa avan timoun lan ap kòmanse lekòl
- Yo dwe voye l tounen ba enfimyè lekòl la

Si pitit ou a gen mwens pase laj 5 ane nan moman li te fè egzamen medikal la, ou dwe voye yon lòt fòm CH205, aprè dat pitit ou a vin gen laj 5 ane a.

Tanpri gade Kesyon yo poze souvan sou egzamen medikal pou nouvo admisyon yo (*New Admission Exam Frequently Asked Questions*) ki nan do paj sa a pou plis enfòmasyon sou egzijans sa a.

Jis nan dat sa a, nou pa gen yon fòm CH205 nan dosye pou pitit ou a. Tanpri mande ajan sante pitit ou a pou ranpli fòm nou mete avèk lèt sa a. **Tanpri lè yo fin ranpli fòm lan, voye l tounen bay enfimyè lekòl la rive dat ____/____/____.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou jwenn yon doktè, oswa yon plan asirans sante, tanpri rele enfimyè lekòl la nan _____, ant 9 AM a 3 PM.

Nou ankouraje seryezman pou planifye pou mennen pitit ou a wè doktè li epi fè yo ranpli fòm CH205 lan. Si nou pa resevwa fòm lan, n ap bezwen pou planifye yon randevou pou pitit ou a wè yon doktè Biwo sante lekòl.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Avèk senserite,

Cheryl Lawrence, MD
Direktè medikal
Biwo Sante nan lekòl



EGZAMEN MEDIKAL POU NOUVO ADMISYON: KESYON MOUN POZE SOUVAN (FREQUENTLY ASKED QUESTIONS, FAQ)

Kisa yon egzamen pou nouvo admisyon ye?

Yon egzamen nouvo admisyon se yon egzamen medikal konplè pou tout elèv k ap antre nan lekòl leta Vil Nouyòk. Kòd sante lekòl leta Vil Nouyòk (Atik 49.05) ak Règleman Chanselye Depatman edikasyon (A-701) egzije pou elèv fè egzamen medikal sa a. **Egzamen sa a obligatwa.**

Egzamen an dwe gen bagay sa yo:

- Antesedan medikal
- Evalyasyon devlopman
- Evalyasyon nitrisyon
- Pwa
- Wotè
- Endèks Mas Kò (*Body Mass Index*, BMI)
- Tansyon
- Egzamen je
- Egzamen pou detèmine kapasite pou tande
- Egzamen dan

Kisa yon Fòm egzamen medikal pou timoun ak adilt (Child & Adolescent health examination form, CH205) ye?

Fòm CH205 lan se prè vè ke timoun ki fèk antre nan sistèm lekòl la te fè egzamen medikal Fòm sa a:

- **Se yon doktè, enfimyè, enfimyè pratisyen, oswa asistan doktè ki gen lisans ki dwe ranpli li**
- **Yo pa dwe ranpli l pa plis pase 12 mwa avan timoun ap kòmanse lekòl**
- **Yo dwe voye l tounen ba enfimyè lekòl la**

Si pitit ou a gen mwens pase laj 5 ane nan moman li te fè egzamen medikal la, ou dwe voye yon lòt fòm CH205, aprè dat pitit ou a vin gen laj 5 ane a.

Kisa pou m fè si pitit mwen an pa gen yon ajan medikal pou ranpli fòm CH205 lan?

Chak timoun nan eta Nouyòk kapab jwenn kouvèti asirans ak ajan medikal. Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou jwenn yon ajan medikal, oswa yon plan asirans sante, tanpri rele enfimyè lekòl la. **Biwo sante lekòl ankouraje seryezman pou jwenn yon ajan medikal pou pitit ou a epi pou pitit ou a tcheke ka doktè chak ane.** Ajan medikal pitit ou a dwe ranpli fòm CH205 lan avèk rezilta egzaminasyon medikal ki pi resan an.

Si Biwo sante lekòl pa resevwa yon fòm CH205 ki fin ranpli pou pitit ou a, y ap pwograme pitit ou a pou yon doktè Biwo sante lekòl egzamine l. Tanpri, konprann ke Biwo sante lekòl ap fè yon egzaminasyon medikal byen senp; egzamen sa a pa ranplase vizit doktè pitit ou a dwe fè chak ane.

Si yo pwograme pitit ou a pou wè yon doktè Biwo sante lekòl:

- Y ap fè egzaminasyon an nan sal medikal lekòl la. Yo ka itilize yon paravan pou bay egzaminasyon an plis entimite.
- Enfimyè lekòl la oswa yon lòt estaf Biwo sante lekòl ap rete avèk pitit ou a pandan tout konsiltasyon an.
- **Pou yo ka egzamine pitit ou a, y ap mande l pou l retire rad sou li**, ladan, kolan, ba, chosèt, souvètman tèmik, ak chemizèt. Elèv yo ap rete avèk souvètman yo sou yo, tankou soutyen ak kilòt/kalson epi y ap mete yon wòb pou konsiltasyon an.
- Yo P AP tcheke jenital oswa “pati prive”, amwenske yon paran oswa responsab la anndan sal egzamen an.
- Doktè a P AP pran san ni li p ap bay vaksen. Egzamen an pa gen yon evalyasyon jeneral konpòtman ak devlopman pitit ou a. Li enpòtan anpil pou mennen pitit ou a ka doktè li pou tcheke li pou evalyasyon sa yo chak ane.

Si w gen lòt kesyon sou egzamen pou nouvo admisyon yo, tanpri pa ezite kontakte enfimyè lekòl ou a.